# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–04 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

हाथरस भगदड़ हादसा में पुलिस बड़हन करवाई करत सत्संग आयोजन समिति के छौ जने के गिरफ्तार कइले हवें। एकरे सथहीं मुख्य आरोपी मधुकर पर एक लाख रूपिया के ईनाम घोसित कइल गइल हवें। ऐह मामिला में अलीगढ़ के पुलिस महानिरीक्षक शलभ माथुर बतवले कि आरोपियन के खिलाफ भारतीय न्याय संहिता के धारा–एक सौ पांच, एक सौ दस, एक सौ छब्बीस, दुई सौ तेइस अउर दुई सौ अड़तीस के तहत अभियोग पंजीकृत कइल गइल हवे। उहां के बतवली कि येह हादसा में मृतकन क सख्या एक सौ एक्कइस हउवे अउर सज्जों सवन के पहिचान के बादि पोस्टमार्टम क प्रक्रिया पूरा हो गइल हवे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथों काल्हि हाथरस क दौरा कइले के बादि मामिला के न्यायिक जांच क आदेस दिहले हवे। मुख्यमंत्री के दौरा के बादि काल्हि रात इलाहाबाद उच्च न्यायालय क अवकाशप्राप्त न्यायाधीश बृजेश कुमार श्रीवास्तव के अध्यक्षता में तीन सदस्यीय न्यायिक जांच आयोग क गठन कै देहल गइल हउवे।

**********

प्रदेस सरकार नगर निगम वाले सज्जों महानगरन में मलिन बस्तीयन क कायाकल्प करी। हर नगर निगम में एक–एक गो मलिन बस्ती के चिन्हित कइ के बहुमंजिला भवन बनावल जाइ। राजधानी लखनऊ में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु नगर विकास विभाग के अधिकारियन के साथे एगो महत्वपूर्ण बइठकी में येह के लेके कार्ययोजना बनवले क निर्देस दिहले। बइठकी में मुख्यमंत्री कहलें कि मलिन बस्तियन के पुनरोद्धार बदे योजना के मोताबिक कोसिस करे के चाही। हर नगर निगम में एक–एक गो मलिन बस्ती के चिन्हित कइ के ओइजा बहुमंजिला आवासीय परिसर के विकास क योजना तइयार कइल जाए। येह आवासीय परिसर के नगिच्चे स्कूल, बाजार, पार्क जइसन बुनियादी सुविधा होखे के चाही। श्री योगी कहले कि एइजा जवन बाजार विकसित कइल जाए ओहके येहि मलिन बस्ती के परिवार के आवंटित कइल जाए। जवन पार्क बनावल जाए ओहू के चलवले क जिम्मेवारी इनहने लोगिन के दिहल जाए। येह तरह से चरणबद्ध तरीका से पूरा प्रदेस में मलिन बस्तियन क पुनरोद्धार हो सकी। मुख्यमंत्री सहरन में वाहन के पार्किंग के स्थितियो क समीक्षा कइलें। उहां के कहलीं कि एहके सुनिस्चित करे के होई कि वाहन तय पार्किंग स्थले पर ठाढ़ होखें, सड़कि के किनारे नाहीं। उहां के पटरी कारोबारियन के एक्के जगहि नियोजित कइले अउर अवैध टैक्सी स्टैण्ड पर जुरते कार्रवाई कइले क निरदेस दिहलीं।

बइठकी में मुख्यमंत्री कहलें कि सहरन में सीसीटीवी कैमरा लगवले क कोसिस क अच्छा परिणाम देखे के मिलत हउवे। अपराध नियंत्रण में ई उपयोगी साबित भइल हवे। उहां के कहलीं कि येह काम के अउरियो बिस्तार दीहल गइले क जरूरति बाटे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दुइ दिन के दौरा पर बिहने दुपहरिया बाद गोरखपुर पहुंचिहें। ऊ बिहने हनुमान प्रसाद पोद्दार कैंसर अस्पताल अउर सोध संस्थान में कैंसर सेकाई क एगो अत्याधुनिक मसीनि क लोकारपण करिहें। अपने दौरा के दुसरका दिन्ने मुख्यमंत्री छौ जुलाई के गोरखपुर सहर क्षेत्र में बांध, ओवर ब्रिज अउर सिक्स लेन राहि क निरीक्षण कइले के बाद सहजनवां में नया बनल राजकीय पॉलिटेक्निक अउर जय प्रकाश नारायण सर्वोदय विद्यालय क उद्घाटन करिहें। येह सर्वोदय बालिका विद्यालय में लइकनिनि के मुफ्त आवासीय व्यवस्था के साथे माध्यमिक स्तर क निःसुल्क सिक्षो दीहल जाई।

**********

नीति आयोग के आकांक्षी विकास खण्ड कार्यक्रम के अन्तर्गत आजु प्रदेस के कई गो जिलन में सम्पूर्णता अभियान क सुभारम्भ भइल। आकांक्षी विकास खण्ड में नीति आयोग की ओरि से तय छौ बिन्दु पर तीनि महिन्ना के भित्तरे सौ फीसदी काम करावल जाई। अम्बेडकरनगर जिला में सम्पूर्णता अभियान क सुभारम्भ जिलाधिकारी अविनाश सिंह कइलें। जौनपुर जिला के मछलीशहर अउर रामपुर विकास खण्डो में आजु सम्पूर्णता अभियान क सुरूआत भइल। कुशीनगर जिला के विकास खण्ड विशुनपुरा में मुख्य विकास अधिकारी गुंजन द्विवेदी के अध्यक्षता में सम्पूर्णता अभियान के अन्तर्गत खण्ड विकास अधिकारी अउर नीति आयोग क सोधार्थी लोगि पंचायतन में घूमि–घूमि के अभियान के उद्देस्य से आम लोगिन के परिचित करवलें। प्रदेस के कई गो अउरियो जिलन में आुज से सम्पूर्णता अभियान क सुभारम्भ भइले क समचार हवे। सम्पूर्णता अभियान के कार्यक्रम स्थलो पर स्वास्थ्य, सिक्षा के सथहीं कई गो विभागन क स्टॉलो लगावल गइल। देउरिया क मुख्य विकास अधिकारी बतवलें कि जिला के आकांक्षी विकास खण्ड गौरी बजार में सम्पूर्णता अभियान क सुभारम्भ बिहने कइल जाई।

**********

राज्य सरकार की ओरि से किसान श्रेणी के उपभोक्ता लोगिन बदे चलावल जा रहल मुफ्त विद्युत योजना के पंजीकरण क आखिरी तारीख बढ़ा के पनरह जुलाई कै दिहल गइल हउवे। उत्तर प्रदेस पावर कार्पोरेसन क प्रबंध निदेसक पंकज कुमार की ओरि से जारी आदेस में कहल गइल हउवे कि योजना में सामिल होखे खातिर नलकूप उपभोक्ता पनरह जुलाई से पंजीकरण करा के फायदा ले सके लें।

**********